# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में दसमोत्तर अउर पूर्वदसम के विद्यार्थियन के छात्रवृत्ति अंतरण कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के दस लाख अट्ठाइस हजार दुइ सौ पांच विद्यार्थियन के खाता में दुइ सौ सत्तानबे दसमलव नौ पांच करोड़ रूपिया क ओजीफा भेजलीं। समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि बरिस दुइ हजार सोरह–सतरह ले प्रदेस में खाली छियालीस लाख विद्यार्थी ओजीफा क लाभ पावत रहलें। अब ई संख्या बढ़ि के बासठ लाख ले पहुंचि गइल बा।

**यह व्यवस्था बनाई गई कि छात्रों को हम लोग वर्ष के अन्त में स्कॉलरशिप देने की बजाय अगर दो बार में स्कॉलरशिप अक्टूबर के माह में और जनवरी के माह में उपलब्ध करवा देंगे सभी छात्र इससे लाभान्वित हो जाएंगे। और मुझे प्रसन्नता है कि प्रभावी ढंग से यह कार्यक्रम प्रदेश के अंदर बड़े पैमाने पर आगे बढ़ रहे हैं। और उसी का परिणाम है कि 2016–17 तक जब प्रदेश के अंदर केवल छियालीस लाख बच्चे इस स्कॉलरशिप का लाभ प्राप्त कर पाते थे आज यह संख्या बढ़ कर के बासठ लाख तक पहुंच रही है।**

समारोह के बादे एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि छात्रावृत्ति क उद्देस्य विद्यार्थियन के प्रोत्साहित कइल हौ जवने से ऊ अपने ऊर्जा से समाज अउर देस के विकास में सारथक जोगदान दे सकें।

**********

प्रदेस सरकार अट्ठाइस लाख करमचारियन अउर पिनसिनिहन के मंहगाई भत्ता में तीनि फीसदी क बढ़ोत्तरी कइ दिहले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर एके एक जुलाई दुइ हजार पचीस से लागू कइल जाई। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री के निर्णय के अनुसार प्रदेश के सोलह दशमलव तीन पांच लाख कर्मचारियों तथा ग्यारह दशमलव पांच दो लाख पेंशनरों व पारिवारिक पेंशनरों को अब पचपन प्रतिशत के स्थान पर अट्ठावन प्रतिशत की दर से महंगाई भत्ता एवं महंगाई राहत का लाभ मिलेगा। इस बढ़ोत्तरी की घोषणा करते हुए मुख्यमंत्री ने कहा कि यह निर्णय प्रदेश के लाखों कर्मचारियों और पेंशनरों के प्रति संवेदना तथा सम्मान का प्रतीक है। उन्होंने भरोसा जताया कि दीपावली का यह उपहार कर्मचारियों के जीवन में नई उर्जा, प्रसन्नता और समृद्धि लेकर आएगा। मुख्यमंत्री ने यह भी निर्देश दिया कि बढ़े हुए महंगाई भत्ते एवं राहत का भुगतान इसी माह से नकद रूप से किया जाए। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

मुख्यमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि महापरब दिवाली के मौका पर ई फैसिला करीब अट्ठाइस लाख करमचारियन आ पिनसिनिहन के जिनगी में संतोस, सुरक्षा आ समृद्धि क दीया बरले के सथहीं उनके जीवन स्तर में सुधार क कारक बनी।

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह हिन्दुस्तान एयरोनॉटिक्स लिमिटेड के नासिक उत्पादन इकाई में बनल पहिला तेजस एलसीए एमके वन ए लड़ाकू जेट विमान क आजु अनावरण कइलें। येह मौका पर रक्षा मंत्री एचटीटी–चालीस प्रसिक्षु विमान बनावे वाली ईकाइयो क सुभारम्भ कइलें। उहां के नासिक डिवीजन में बनल सुखोई–30 एलसीए आ एचटीटी–40 विमानन क सराहना कइलीं अउर कहलीं कि इनकर उड़ान रक्षा क्षेत्र में आत्मनिरभरता क उड़ान हौ।

**आज एक लाइट कॉम्बेक्ट एयरक्राफ्ट मार्क वन ने तेजस की थर्ड प्रोडक्शन लाइन का उद्घाटन हो रहा है। इसके साथ ही एचटीटी 40, एयरक्राफ्ट की सेकेंड प्रोडशन लाइन का भी उद्घाटन हुआ है। जब मैंने नासिक डिवीजन में तैयार किये गये सुखोई–30, एलसीए और एचटीटी 40 विमानों की उडान देखी तो मेरा सीना गर्व से चौडा हो गया। उनकी उडान में इस रूप में देख रहा था, ये भारत की आत्मनिर्भरता की उड़ान है।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोसित जीएसटी बचत उत्सव क लाभ समाज के सज्जो वर्ग के मिलि रहल बा। ई उत्सव पछिला महिन्ना के बाइस तारीख से सुरू भइल रहे। एगो रिपोर्ट

***चाय पर पांच फीसदी जीएसटी लगले से चाय उद्योग के लाभ मिलल हौ, एकरे सथहीं पारम्परिक महत्व के उत्पाद जइसे–मूंगा सिल्क आ गमोसा पर जीएटी बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा, एहसे बुनकरन के राहति मिलल हौ, ऊ आपन उत्पाद बढ़िया दाम पर बेचि पा रहल हवें अउर उनके आयो में बढ़ोत्तरी भइल हौ। पर्यटन क्षेत्रो के येह सुधार से फायदा भइल बा। अब सात हजार पांच सौ रूपिया ले क हर राति होटल के कमरन पर खाली पांच फीसदी जीएसटी लगि रहल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से शिवांग मिश्रा आ सौम्या शरण के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

अजोध्या में दीपोत्सव क तइयारी जोरिया गइल बा। येह सालि दीपोत्सव के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ओइजा रामायण वैक्स म्यूजियमा क उद्घाटन करिहें। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि विश्व के येह पहिला रामायण वैक्स म्यूजियम में करीब छौ करोड़ रूपिया के लागति से त्रेता जुग के पूरा कथा के जीवंत कइल गइल बा। एहमें भगवान राम अउर माता सीता के सथहीं करीब पचास प्रमुख देवी–देवतन क मोम क मुरती लगावल गइल हौ।

**********